

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal



Eunice Kennedy Shriver Center

Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health

@IRCABH
774-455-4056

www.massairc.org
airc@umassmed.edu



Foto rekadre de yon gwoup moun ki pa idantifye k ap kenbe men youn ak lòt.

Kouvèti Terapi ABA pa MassHealth

Analiz konpòtman aplike (ABA) se youn nan terapi ki pi souvan preskri pou moun ki gen otis. Asirans prive yo te kòmanse kouvri terapi ABA an 2011, an aplikasyon yon lwa yo rele "Act Relative to Insurance Coverage for Autism" nan Massachusetts. (ARICA). Apre adopsyon lwa omnibus sou otis la an 2014, MassHealth te kòmanse kouvri ABA an 2015.

Kiyès ki ka benefisye de ABA ak MassHealth?

Timoun ki gen mwens pase 21 an ki resevwa yon dyagnostik otis ka jwenn sèvis ABA atravè MassHealth Standard ak CommonHealth. Benefis ABA pou timoun ki enskri nan MassHealth Family Assistance disponib jiskaske timoun nan rive 19 an. Remak: Family Assistance sèlman kouvri ABA si pa gen asirans prensipal an plas.

Kijan ou ka jwenn pwoteksyon asirans ABA a?

Doktè timoun nan (anjeneral yon pedyat espesyalis nan devlopman, yon neyològ oswa yon sikològ) rekòmande ABA pou yon timoun ki resevwa dyagnostik otis. Apre sa, fanmi an jwenn yon founisè ABA atravè plan MassHealth li. Daprè plan MassHealth ou genyen an, ABA ka kouvri pa youn nan rezo founisè sante konpòtman. Pou w konnen ki rezo ou dwe itilize pou jwenn ABA, nou rekòmande w kontakte plan ou oswa sèvis kliyan MassHealth.

Lè ou fin mande sèvis ABA nan men yon founisè, li fè yon demann otorizasyon, fè yon evalyasyon inisyal epi prepare yon plan tretman.



Ti gason ki andikape ak yon ti fi otis k ap aprann kolorye/penn lekol la

Konbyen tan pwosesis sa a pran?

Sa depann de konbyen tan li pran pou jwenn yon founisè ki disponib, konbyen tan li pran pou fè evalyasyon inisyala, epi konbyen tan li pran pou resevwa otorizasyon pou plan tretman an. Fanmi yo ta dwe mande founisè ABA yo panse pou itilize a yon estimasyon sou konbyen tan sa ka pran pou kòmanse sèvis yo. Pou plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon founisè, gade fich enfòmasyon nou an "[Jwenn yon founisè ABA](#)".

Èske gen yon limit sou kouvèti ABA a?

Kouvèti a baze sou kritè "nesesite medikal" plan an. Pa gen okenn limit anyèl oswa viyèl ni an dola ni an inite sèvis pou kouvèti a.

Gwoup konpetans sosyal yo ap jwenn pwoteksyon asirans?

Wi, si li satisfè kritè "nesesite medikal" la.

Si pitit mwen resevwa Entèvansyon Konpòtman Entansif Bonè (EIBI), èske MassHealth pral kouvri ABA a?

Sèvis EIBI yo ta konsidere kòm yon sèvis ki fè doublon ak terapi ABA epi yo pa ta kouvri pa MassHealth. Sepandan, si yon timoun ki gen otis ki gen mwens pase 3 zan pa resevwa EIBI, li ka benefisye terapi ABA ki kouvri pa MassHealth. Li ka toujou gen aksè ak lòt sèvis entèvansyon bonè (tankou terapi lapawòl ak terapi okipasyonèl) atravè asirans sante.

Si pitit mwen jwenn ABA atravè Entèvansyon Bonè a, kisa ki pral rive lè li gen 3 zan?

Si pitit ou a resevwa terapi ABA atravè asirans sante, MassHealth ap kontinye kouvri ABA apre li fin gen 3 zan, toujou selon kritè "nesesite medikal". Nou rekòmande w kòmanse travay ak ekip ou a pi bonè posib pou evite oswa diminye entèripsyon nan sèvis yo lè pitit ou a rive 3 zan.

Mwen gen yon asirans prive, men li pa kouvri ABA a. Èske mwen ka jwenn ABA a pou pitit mwen atravè MassHealth ?

Wi, si pitit ou a tou enskri nan MassHealth (CommonHealth oswa Standard). Pou jwenn plis enfòmasyon sou CommonHealth ak fason pou enskri, nou ankouraje w kontakte Sant nou an. Ou ka jwenn [fich enfòmasyon nou an sou MassHealth CommonHealth](#) sou [sitwèb Sant la](#).

Mwen gen yon asirans prive ak CommonHealth. Èske MassHealth pral pran an chaj kontribisyon (quote-part) mwen pou ABA a?

MassHealth ka kouvri tikè moderatè pou ABA, men founisè a dwe soumèt demann ranbousman an. MassHealth ap kouvri frè pati ou dwe peye epi ke asirans prensipal la pa kouvri, menm si founisè a pa nan rezo Carelon. Sepandan, founisè ki pa nan rezo Carelon yo dwe jwenn yon akò ka inik oswa yon otorizasyon deyò rezo pou frè pati ou dwe peye yo ka kouvri. Nou rekòmande ou verifiye ak founisè ou a. Kontakte nou si ou bezwen plis asistans.

Kijan sèvis edikatif PEI pitit mwen an prevwa, enpakte?

Sèvis ABA ou jwenn atravè asirans medikal pa dwe, an okenn ka, limite sèvis edikatif pitit ou a gen dwa resevwa nan kad IEP li.

Èske mwen ka aplike pou pwogram egzansyon medicaid pou otis (Medicaid Autism Waiver Program) la?

Fanmi ki gen kouvèti MassHealth Standard ak timoun jiska 9 zan ka mande pou benefisyè [Massachusetts Children's Autism Medicaid Waiver](#) atravè Depatman Sèvis Devlopmanal (DDS). Timoun ki resevwa sèvis nan kad Autism Medicaid Waiver ka tou benefisyè ABA atravè MassHealth, si ABA a pa fè doublon ak sèvis yo jwenn nan kad egzansyon an.

Si mwen se yon terapef ABA e mwen vle travay ak MassHealth, kisa pou m fè?

Founisè yo dwe kontakte **Managed Care Entities (MCE)** ki jere sèvis ABA atravè MassHealth: [MBHP/Carelon](#), [Tufts Health Public Plans](#) ak [Optum Behavioral Health](#). Pou plis enfòmasyon oswa asistans, tanpri kontakte Sant nou an.



Gwoup divesitye timoun ki alonje epi k ap gade kamera a

Pour plus d'informations et d'assistance, veuillez contacter l'IRC au 774-455-4056 ou par courriel à airc@umassmed.edu. Cette fiche d'information et d'autres renseignements importants sont disponibles sur notre site web, www.massairc.org.

Scannez le code QR pour consulter cette fiche d'information en ligne



<https://bit.ly/3WKereT>

Sant Resous Asirans pou Otis ak Sante Konpòtmantal (Insurance Resource Center for Autism and Behavioral Health) se yon pwogram Eunice Kennedy Shriver Center. Sant la resevwa finansman an pati atravè sibvansyon ak kontra ki soti nan Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Sosyal Massachusetts (EOHHS), Depatman Sèvis Devlopmanal Massachusetts (DDS), Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH), Depatman Edikasyon Elemanntè ak Espesyal Massachusetts (DESE), Depatman Sante Piblik Massachusetts (DPH), Fondasyon Nancy Lurie Marks Family, Fondasyon Doug Flutie Jr. pou Otis, Bailey's Team for Autism, Blue Cross Blue Shield Foundation of Massachusetts, Boston Children's Hospital, ak UMass Chan Medical School. **Feyè enfòmatif sa a te aktyalize pou dènye fwa an 02/2025.**

UMass Chan Medical School

55 Lake Avenue North Worcester, MA 01655-0002 **Copyright © 2025 University of Massachusetts - Tout dwa rezève.**